



Pou Piblikasyon Imedya: 15/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

## GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 33 MILYON DOLA NAN SIBVANSYON FEDERAL POU LOJMAN AK ENFRASTRIKTI

***54 prim bay minisipalite yo atravè New York pral finance amelyorasyon lojman ak etablisman dlo piblik pou rezidan ki prensipalman gen revni fèb ak modere yo***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke yo te akòde plis pase 33 milyon dola nan finansman Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè (Community Development Block Grant, CDBG) bay plizyè douzèn minisipalite pou amelyorasyon enfrastrikti lokal yo ak pwojè reyabilitasyon lojman. Sibvansyon yo fèt pou ede kominote yo bay lojman desan ki abòdab ak anvivonman ki an sekirite pou viv prensipalman pou rezidan ki gen revni fèb ak modere yo.

"Lè yo sipòte amelyorasyon pou konstwi lojman abòdab, amelyore enstalasyon dlo piblik yo ak ranfòse enfrastrikti lokal yo, finansman sa a pral poze baz pou katye ki pi solid, ki pi rezistan atravè New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman enpòtan sa yo nan enfrastrikti piblik nou an pral ede bay Nouyòkè lojman ki an sekirite, ki estab ak ekipman abòdab pandan y ap pèmèt biznis yo grandi ak pwospere, epi mwen remèsye Delegasyon Kongrè New York la paske li te garanti finansman vital sa a pou eta nou an."

Pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè a se yon pwogram finansman federal ki administre pa Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York ki ede konte, vil, komin, ak vilaj yo avèk pwojè ki amelyore kominote yo epi ki benefisye rezidan yo atravè eta a.

Yo ka itilize sibvansyon Lojman Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè a pou reyabilitasyon lojman pwopriyete okipe oswa kay lokate okipe, asistans pou pèman inisyasyon pou moun k ap achte kay ki gen revni ki ba - ak revni modere yo, ak asistans pou sistèm dlo/dlo ize prive pou pwopriyete kay ki gen revni ki fèb - ak revni modere yo. Pou 2022, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote te bay 10.4 milyon dola pou 24 reyabilitasyon lojman, lojman prefabrike, ak pwojè pi ak fòs septik. Yo prevwa yon total 301 fwaye pral benefisye amelyorasyon yo pwopoze yo.

Yo ka itilize Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Sibvansyon pou Enfrastrikti Piblik ak Planifikasyon Kominotè pou amelyorasyon nan dlo piblik, egou piblik, egou dlo

lapli ak amelyorasyon drenaj inondasyon. Pou 2022, Biwo pou Renouvèlman Kay ak Kominote te bay plis pase 23 milyon dola pou 21 pwojè dlo piblik, egou piblik, ak enstalasyon piblik, ak yon lòt 445,000 pou nèf pwojè planifikasyon kominotè.

Gran pwent prim yo enkli:

- Vil Constantia nan Konte Oswego ap lite ak yon sistèm fòs septik ki aje e ki inadekwa ki sitiye tou pre Lak Oneida a. Prim Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Eta New York la ki se 1.25 milyon dola pral ede finansman amelyorasyon nan Distri Egou Constantia-Bernhards Bay, ki pral genyen yon izin tretman dlo ize dènve modèl.
- Konte Livingston pral itilize 550,000 dola nan finansman Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Eta New York pou ranplasman jiska kat kay prefabriki ki egziste deja ki sitiye sou teren prive ak transfere nan kèk nan kote ki pi riral nan konte a. Pwojè sa a pral asire rezidan yo gen kondisyon lavi desan, ki an sekirite ak sanitè.
- Vilaj Herkimer ak Frankfort yo chak pral itilize 1.25 milyon dola nan asistans finansman Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè kòm yon pati nan yon antrepriz rejyonal pou amelyore kalite dlo potab nan kominote yo atravè Konte Herkimer. Yo pral itilize finansman yo pou rezoud pwoblèm nan enfrastrikti dlo potab nan chak kominote a, tankou ranplasman liy sèvis plon ak prensipal transmisyon dlo ki deteryore, enstalasyon nouvo bòn ensandi ak valv pòtay, redevlopman pi ki egziste deja, ak amelyorasyon estasyon ponp yo.
- Vil Oneonta nan Konte Otsego pral itilize plis pase 200,000 dola nan finansman Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Eta New York la pou ranplase 30 lateral sèvis dlo pou kay ki gen revni ki fèb jiska modere, ki gen ladan 22 pwopriyete ke fanmi selibatè okipe ak uit pwopriyete ki gen youn a kat inite ak 20 inite sou yon baz epapiye.

**Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a, RuthAnne Visnauskas, te deklare,** "Atravè 33 milyon dola nan Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè nou yo, nou ka ede transfòme kominote yo atravè New York lè nou finansman pwojè patnè nou yo priyore nan nivo lokal la. Sa ki enpòtan, amelyorasyon ki nesèsè anpil sa yo pral benefisyè dirèkteman Nouyòkè ki gen revni fèb ak modere epi ranfòse efò revitalizasyon ak rezistans kontinyèl atravè eta a."

**Senatè Chuck Schumer te deklare,** "Mwen fyè pou m delivre 33 milyon dola sa a nan finansman federal pou fè envèstisman ke yo t ap tann depi lontan pou ranfòse ekonomi an nan lojman ak enfrastrikti soti nan Rejyon Kapital la rive nan Lwès New York. Lè m te negosye lwa soulajman COVID la, mwen te jwenn plis sipò pou pwogram CDBG la paske li bay rezilta reyèl nan Rejyon Nò Eta New York la ki kreye djòb ki byen peye, bay sèvis esansyèl, epi sipòte popilasyon ki pi vilnerab nou yo. Finansman federal sa a pral ede akselere rekiperasyon ekonomik nou an epi poze fondasyon pou yon avni ki pi briyan pou tout Nouyòkè yo."

**Reprezantan Adriano Espaillat te deklare,** "Mwen felisite Gouvènè Hochul pou dènye pakè sibvansyon global pou devlopman kominotè sa a ke mwen te ede sekirize pou amelyore enfrastrikti esansyèl atravè New York. Tout Nouyòkè yo gen dwa pou yo jwenn lojman desan abòdab ak dlo pwòp, epi pwogram sibvansyon global pou devlopman kominotè a pwouve li se yon resous enpòtan nan amelyore lavi Nouyòkè klas travayè yo atravè bati kominote ki pi solid, ki pi rezistan."

**Senatè Eta a Brian Kavanagh te deklare,** "Mwen fyè pou m rejwenn Gouvènè Kathy Hochul ak kòlèg mwen yo nan lejislati a pou adopte yon bidjè Eta a pou fè gwo investisman nan loje Nouyòkè yo ak bay enfrastrikti enpòtan, ki gen ladan alokasyon efikas fon federal, epi mwen bat bravo pou Gouvènè ak Komisè RuthAnne Visnauskas dèske yo jwenn asistans enpòtan sa pou Nouyòkè atravè eta a. Sibvansyon sa yo ap fè wout pou ede rezidan ki gen revni ki fè ak modere rete pwopriyetè epi fè reparasyon ki nesèsè ak modènizasyon sekirite nan kay yo. Amelyorasyon enfrastrikti yo pral lakòz kondisyon lavi ki plis an sekirite ak plis dezirab. Mwen felisite minisipalite yo ak enstalasyon dlo piblik ki resevwa prim sa yo epi mwen remèsye yo pou angajman kontinyèl yo pou kreye ak konsève opòtinite lojman abòdab."

### **Men lis konplè prim yo**

#### **Capital District: (yo akòde 95,500 dola)**

- Vilaj Fort Edward nan Konte Washington pral itilize 48,000 dola nan finansman Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Eta New York pou konplete yon Evalyasyon Enjenyeri Katye Fort Istorik la.
- Vil Mechanicville nan Konte Saratoga pral itilize 47,500 dola nan fon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Eta New York la pou devlopman yon rapò enjenyeri ki dokimante pwoblèm ak enfrastrikti dlo lapli vil la.

#### **Santral New York: (yo akòde 4 milyon dola)**

- Vil Cortland nan Konte Cortland pral itilize 500,000 dola pou ranplase lateral dlo ak egou pou 30 pwopriyete ke fanmi selibatè okipe ak sèt pwopriyete ki gen revni ak 16 inite sou yon baz sit epapiye.
- Vil Orwell nan Konte Oswego pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyorasyon nan distri dlo vil la.
- Vilaj Weedsport nan Konte Cayuga pral itilize 1 milyon dola pou amelyore sistèm dlo potab vilaj la.

#### **Finger Lakes: (yo akòde 3.65 milyon dola)**

- Vilaj Albion nan Konte Orleans pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyorasyon nan izin tretman dlo li a.
- Vilaj Clyde nan Konte Wayne pral itilize 50,000 dola pou prepare yon rapò enjenyeri pou avanse konstriksyon yon nouvo sous pi pou konplete rezèv dlo aktyèl vilaj la epi asire sèvis dlo ki fyab.

- Vilaj Medina nan Konte Orleans pral itilize 50,000 dola pou konplete yon evalyasyon sistèm dlo potab li a.
- Vil Romulus nan Konte Seneca pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyorasyon nan Willard Water District.
- Vilaj Waterloo nan Konte Seneca pral itilize 500,000 dola pou bay asistans pou reyabilitasyon lojman pou jiska 14 pwopriyetè ki gen mwens revni.

### **Mid-Hudson - (yo akòde 2.7 milyon dola)**

- Vilaj New Paltz nan Konte Ulster pral itilize plis pase 860,000 dola pou amelyorasyon nan sistèm egou sanitè vilaj la.
- Vil Ulster nan Konte Ulster pral itilize 995,000 dola pou amelyorasyon nan Spring Lake Sanitary Sewer District (Distri Egou Sanitè Spring Lake).
- Vil Wawarsing nan Konte Ulster pral itilize 874,000 dola pou amelyorasyon nan Distri Egou Kerhonkson.

### **Mohawk Valley (yo akòde 7.3 milyon dola)**

- Vil Edmeston nan Konte Otsego pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyorasyon nan vilaj distri dlo Edmeston lan.
- Vilaj Fort Plain nan Konte Montgomery pral itilize 50,000 dola pou devlope yon rapò jeni pou amelyorasyon nan sistèm egou li a.
- Vil Gloversville nan Konte Fulton pral itilize 50,000 dola pou konplete yon etid enjenyeri nan Gloversville Senior Center.
- Vil Marshall nan Konte Oneida pral sèvi ak 500,000 dola pou bay asistans pou reyabilitasyon lojman jiska 13 pwopriyete ke pwopriyetè yo okipe sou yon baz sit ki epapiye.
- Vilaj Otego nan Konte Otsego pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyore sistèm dlo potab li a.
- Konte Otsego pral itilize 300,000 pou ede Springbrook ARC ak amelyorasyon sekirite nan kanpis lekòl rezidansyèl ARC la nan vil Milford.
- Vil Verona nan Konte Oneida pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyorasyon nan Ekstansyon Nimewo 3 Distri Dlo Verona (Verona Water District Extension No. 3).

### **North Country (yo akòde 4.6 milyon dola)**

- Vil Chesterfield nan Konte Essex pral itilize 250,000 dola pou bay senk pwopriyetè kay ki gen revni fèb ak modere nan vil la èd pou Reyabilitasyon Lojman.
- Konte Essex pral sèvi ak 450,000 dola pou bay asistans pou reyabilitasyon lojman pou apeprè sis kay ke pwopriyetè yo okipe epi ki gen revni fèb ak modere ki sitiye sou sit ki epapiye atravè konte a.
- Vil Henderson nan Konte Jefferson pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyorasyon nan Distri Egou Nimewo 1 an.
- Vil Hermon nan Konte St. Lawrence pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyorasyon nan Distri Dlo Vil Nimewo 1 an.

- Vil Jay nan Konte Essex pral itilize 298,000 dola pou amelyorasyon aksè ak ADA nan Sant Kominotè Vil la.
- Vil Lewis nan Konte Essex pral itilize 383,000 dola pou bay anviwon sis pwopriyetè kay ki gen revni ki fèb ak modere èd pou reyabilitasyon lojman.
- Vil Moira nan Konte Franklin pral itilize 500,000 dola pou bay nèf pwopriyetè kay ki gen revni fèb ak modere èd pou reyabilitasyon lojman.
- Vil Schuyler Falls nan Konte Clinton pral sèvi ak 250,000 dola pou bay senk pwopriyetè kay ki gen revni fèb ak modere èd pou reyabilitasyon lojman.

### **Southern Tier - (yo akòde 5.3 milyon dola)**

- Konte Chenango pral sèvi ak 500,000 dola pou bay 14 fanmi selibatè ki gen revni fèb ak modere reyabilitasyon lojman.
- Vil Danby nan Konte Tompkins pral sèvi ak 500,000 dola pou bay asistans pou reyabilitasyon lojman pou jiska 14 pwopriyetè ki gen revni ki fèb ak modere.
- Vil Hornell nan Konte Steuben pral itilize 50,000 dola pou konplete yon plan jesyon resous dlo, ak 1,250,000 dola pou amelyorasyon nan izin tretman dlo ize vil la.
- Vil Lisle nan Konte Broome pral sèvi ak 275,000 dola pou bay asistans pou reyabilitasyon lojman pou jiska uit pwopriyetè ki gen revni ki fèb ak modere, ak 475,000 dola pou ranplase senk kay prefabrike ki pa nòmal ki okipe pa pwopriyetè ki gen revni ki fèb ak modere.
- Vil Newfield nan Konte Tompkins pral sèvi ak 298,000 dola pou ede 19 pwopriyete rezidansyèl ki te okipe prensipalman pa fwaye ki gen pi revni ki pi fèb yo pou ranplase tank septik yo ak liy rezèv lateral yo.
- Konte Steuben pral sèvi ak 198,000 dola pou ede jiska 13 fanmi ki gen revni fèb ak modere ranplase sistèm septik ki an defayans yo.
- Vilaj Watkins Glen nan Konte Schuyler pral itilize 50,000 dola pou konplete yon etid planifikasyon dlo ize pou Ranplasman Estasyon Ponp Clute Park li a ak fòse deviyasyon prensipal la.
- Vilaj Waverly nan Konte Tioga pral sèvi ak 1.25 milyon dola pou amelyorasyon nan sistèm distribisyon dlo vilaj la ak 500,000 dol pou bay asistans a 13 pwopriyetè kay ki gen revni fèb ak modere.

### **Western New York (yo akòde 6.1 milyon dola)**

- Vil Andover nan Konte Allegany pral sèvi ak 500,000 pou ede jiska 13 fwaye ki gen revni fèb ak modere ak reyabilitasyon lojman enpòtan.
- Konte Cattaraugus pral sèvi ak 400,000 dola pou bay pwopriyetè kay ki gen revni fèb yo nan tout Konte Cattaraugus, asistans pou ranplasman resous, septik, ak liy rezèv lateral, ak 600,000 dola pou ranplasman jiska kat kay prefabrike ki deja egziste ak yon lajè senp nan echèl Energy Star
- Vilaj Celon nan Konte Chautauqua pral itilize 500,000 dola pou bay pwopriyetè kay ki gen revni fèb yo asistans pou reyabilitasyon lojman.
- Vil Ellington nan Konte Chautauqua pral itilize 700,000 dola pou yon pwogram ranplasman lojman prefabrike.

- Vil Friendship nan Konte Allegany pral itilize 50,000 dola pou konplete yon rapò enjenyeri preliminè konplè an matyè sistèm dlo.
- Vil Independence nan Konte Allegany pral sèvi ak 400,000 pou ede jiska 11 fwaye ki gen revni fèb ak modere ak bezwen lojman enpòtan.
- Vilaj Little Valley nan Konte Cattaraugus pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyore sistèm dlo potab li a.
- Vilaj Silver Creek nan Konte Chautauqua pral itilize 500,000 dola pou bay pwopriyete kay ki gen revni fèb yo asistans pou reyabilitasyon lojman.
- Vilaj South Dayton nan Konte Cattaraugus pral itilize 1.25 milyon dola pou amelyore sistèm egou sanitè vilaj la.

Pou plis enfòmasyon sou pwogram Sibvansyon Global pou Devlopman Kominotè Eta New York la, vizite [sitwèb Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote a](#).

###

Lèt nou vèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418